

ENSTRIKSYON POU RENOUVÈLMAN



MAP-2096p (HC) 12/02/2024

- Etap 1 Reponn tout kesyon ki nan Fòm Renouvèlman an (MAP-909e). Si enstriksyon yo di ou dwe bay prèv yo, gade anba ak dèyè fèy sa a pou jwenn yon lis dokiman ou kapab itilize kòm prèv.
- Etap 2 **Fòm Antretyen Finansye nan Renouvèlman**, nan Paj 8 fòm **Avi pou Renouvèlman** (MAP-909e), nesesè sèlman si kotizasyon ou nan depans pou lojman chak mwa pi plis pase 70% revni brit ou pa mwa anvan dediksyon.
- Etap 3 Si ou enskri nan yon Plan Swen Sante Kontwole pou Anpil Tan, kontakte yo si ou bezwen èd pou ranpli fòm Renouvèlman an.
- Etap 4 Si ou gen yon mari oswa madanm ki p ap aplike pou Medicaid, ranpli epi siyen MAP-3179a (E) Otorizasyon pou Verifikasyon Resous (Mari/Madanm Legal).
- Etap 5 **Retounen Fòm Renouvèlman** ou ranpli a, MAP-3179a E) Otorizasyon pou Verifikasyon Resous (Mari/Madanm Legal) ak prèv yo bannou avèk anvlòp ki déjà gen temm ou jwenn nan. Tanpri reponn anvan dat ki enprime nan Paj 1 Fòm Renouvèlman (MAP-909e) an.
- Rapèl:** Si ou marye, **oumenm ak madanm/mari ou dwe** siyen Paj 7 Avi Renouvèlman an.
- Etap 6 Si ou pa gen anvlòp nou an, voye tout bagay nan kourye lapòs nan adrès:

MAIL RENEWAL PROGRAM
HRA/MEDICAL ASSISTANCE PROGRAM
PO BOX 329060
BROOKLYN, NY 11232-9823

SONJE - Si ou pa swiv enstrikson sa yo, pwoteksyon Medicaid la ka fini.

Si ou voye dokiman ou yo bannou nan kourye lapòs anvan dat ki endike sou Fòm Renouvèlman ou, avantaj ou genyen nan moman an ka kontinye **san chanje** jouk lè yo fè yon lòt avi.

REMAK:

- Ou pa bezwen voye prèv revni ak resous, sof si Fòm Renouvèlman an ba ou enstrikson pou fè sa. N ap konpare kantite lajan revni ou rapòte a avèk revni ki disponib nan òdinatè. Si rezulta konparezon nou fè nan òdinatè a differan avèk enfòmasyon ou bannou yo, n ap itilize rezulta konparezon òdinatè a lè n ap deside si ou kalifye. Ou ka voye prèv revni ak resous ou pou asire nou gen enfòmasyon ki kòrèk la. Si ou chwazi pou pa voye yo kounye a, nou ka mande ou pou montre prèv revni ak/oswa resous ou yo annapre. Tablo ki dèyè paj sa a montre ou sa ou kapab itilize kòm prèv.
- Si ou te fèk kite Vil New York pou ale nan yon lòt konte ki nan Eta New York, men ou pa gen yon dosye Medicaid ki louvri kote w ap viv kounye a, ou ta dwe ranpli ak retounen Fòm Renouvèlman an (MAP-909e) bannou. N ap ede ou nan deplasman pwoteksyon ou.

DOKIMAN REVNI AK RESOUS: Tout dokiman revni ak resous yo dwe ajou. **Pa** voye dokiman orijinal yo - voye kopi sèlman.

REVNI: Kalite revni komen ak bon prèv revni an gen ladan sa ki endike anba la yo:

Kalite Revni	Dokiman	Kalite Revni	Dokiman
Revni ou touche nan Travay	Dènye chèk peman/souch chèk (4 semèn youn-aprel-lòt) oswa lèt patwon bay	Konpansasyon Travayè	Lèt rekonpans oswa souch chèk
Revni nan Travay Endepandan	Dènye deklarasyon taks ou siyen ak tout anèks oswa dosye salè ak depans	Avantaj Veteran	Lèt ki ba w avantaj, souch chèk avantaj, oswa lèt ou resevwa nan Administrasyon Veteran
Revni nan Lwaye/Lokatè Chanm-Pansyonè	Lèt lokatè, pansyonè, lokatè oswa souch chèk	Peman Militè	Lèt ki ba w avantaj oswa souch chèk
Lèt rekonpans oswa souch chèk	Lèt ki ba w avantaj/sètifika, souch chèk avantaj, oswa lèt ou resevwa nan sous revni an	Enterè/Dividann/Wayote	Dènye etadkont labank, koperativ, oswa enstitisyon finansye, lèt koutye ba ou, lèt ajan ba ou, oswa fòm 1099 oswa deklarasyon taks sou revni (si pa gen lòt dokiman ki disponib)
Avantaj pou Chomaj	Lèt ki ba w avantaj/sètifika, etadkont avantaj chak mwa, lèt ou resevwa nan Depatman Travay (Department of Labor) Eta New York, dokiman ki gen enfòmasyon sou kont benefisyè nan sitwèb Depatman Travay Eta New York (www.labor.state.ny.us), oswa kopi Kat Peman Dirèk ki gen dokiman	Sipò ki resevwa nan men lòt Manm Fanmi	Deklarasyon ak/oswa lèt manm fanmi ki siyen
Pansyon / Anwite Prive	Etadkont ki soti nan pansyon/anwite	Revni nan yon Fon Kredi	Dokiman fon kredi
Sekirite Sosyal	Lèt ki ba w avantaj/sètifika, etadkont avantaj anyèl, oswa lèt ki sòti nan Administrasyon Sekirite Sosyal	Sipò Timoun/Pansyon Alimantè	Lèt ou resevwa nan men moun k ap bay sipò, lèt ki soti nan tribinal, souch chèk sipò timoun/pansyon alimantè, kopi NYEppicard avèk dokiman, kopi enfòmasyon sou kont sipò timoun nan www.newyorkchildsupport.com , oswa kopi etadkont labank ki montre depo dirèk

TRAVAY: Si ou enskri nan Pwogram Apwobasyon Medicaid pou Moun Andikape k ap Travay (Program for Working People with Disabilities, MBI-WPD), ou dwe montre prèv travay ou. Ou kapab voye youn nan sa ki endike anba la a ban nou:

Deklarasyon patwon ki ekri avèk detay	Fòm W-2
Dènye chèk peman/souch chèk	Fòm deklarasyon enpo

RESOUS: Kèk nan resous yo se lajan kach ou gen nan men, kont epay ak kont kouran, sètifikasi depo, aksyon, obligasyon, fon kredi, fon 401K, fon plasman komen, posesyon yon biznis, pwopriyete oumenm oswa yon moun nan fanmi ou posede, elatriye.

Men kèk nan prèv resous ki akzeptab:

Etadkont/kontablite ki soti nan enstitisyon finansye kote yo ye a	Estimasyon/evalyasyon byen imobiliye
Kopi kontra/sètifikasi	Kopi biyè-a-òd (<i>promissory note</i>)

PATI C MEDICARE (Plan Medicare Advantage) / Asirans Sante Prive: Si ou resevwa pwoteksyon Medicare ou avèk yon Plan Medicare Advantage, ou ka gen dwa pou yo retire montan prim kontra w nan revni nou mete nan bidjè a pou détèmine si ou kalifye/si ou kontinye kalifye. Paske prim kontra asirans lan konn chanje, ou dwe bay prèv konbyen lajan ou depanse chak mwa pou peye prim la.

Dediksyon nan revni sa a ka aplikab pou ou tou si ou peye yon frè asirans sante pa mwa bay patwon ou, bay sendika ou oswa bay yon konpayi asirans endependan.

Ou kapab voye youn nan sa ki endike anba la a bannou:

Bòdwo ki peye	Chèk oswa manda postal (money order) ki anile
Kopi etadkont labank ki montre peman an	Lèt ou resevwa nan konpayi asirans ki rekonèt yo resevwa (ak kantite lajan) peman prim pa mwa ou te fè a
Souch chèk ki montre dediksyon nan pewòl pou depans/kotizasyon nan depans pou pwoteksyon sante ou	

Èske ou gen yon pwoblèm medikal oswa pwoblèm sante mantal oswa yon andikap? Èske pwoblèm sa a fè li difisil pou ou konprann avi sa a oswa pou fè sa avi sa a mande a? Èske pwoblèm sa a fè li difisil pou ou pou jwenn lòt sèvis nan HRA? **Nou kapab ede ou.** Rele nou nan 888-692-6116. Ou kapab mande èd tou lè ou ale nan yon biwo HRA. Ou gen dwa pou mande kalite èd sa daprè lalwa.

**CLIYAN KI GEN TWOUB POU TANDE KI GEN YONTELEFÒN KI KA VOYE AK RESEVWA TÈKS
(APARÈY TTY) YO KA KONTAKTE NOU NAN NIMEWO
718-636-7783 OSWA DEPI YO RELE 711**